



Aplike depi kounyea pou 2020-2021 pwogram preskolè Voluntary Prekindergarten (VPK)/Enrichment!



VPK/ANRICHISMAN ENFÒMASYON JENERAL

VPK se yon pwogram ki disponnib pou tout timoun ki pral gen 4an anvan 1 Septanm, 2020. Nou ofri pwogram jounen konplè (VPK / Enrichment) 7:30 a.m. – 2:00p.m., Lendi rive Vandredi (lè egzak ka varye). Tout lekòl ofri manje maten gratis. **Tout pwofesè gen yon diplòm bakaloreya oswa pi wo epi yo gen sètifikasyon Florid ki espesyalize nan Edikasyon Timoun piti.**



VPK/ANRICHISMAN/ TITLE I SELEKSYON

Modèl VPK sa konsiste de **yon jounen lekòl gratis**, konplè (6.5 èdtan) ansèyman ki disponnib pou timoun ki rete andedan yon zòn Title I. Plas limite ak seleksyon yo detèmine pa kritè kalifikasyon. Kontakte chak lekòl pou konnen si aftèkè (siveyans timoun apre lekòl) disponnib nan lekòl ou vle a.



VPK/ANRICHISMAN (FÈ SIPTÈ) SELEKSYON RANDOM

Lekòl sa yo ofri tou de jounen konplè ak opòtinite demi-jou. Opsyon yo enkli:

- Mwatye jounen - 3 èdtan sèlman (gratis VPK) Plas limite.
- Jou konplè - 6.5 èdtan (VPK plis 3 èdtan nan enstriksyon si ou vle, frè sipòte).



KIJAN POU W APLIKE

ETAP 1: Aplike pou yon Sètifika VPK (VPK Certificate) sou sit, *State's Family Portal*: <https://familyservices.floridaearlylearning.com>.

ETAP 2: Vizite sit Entènèt nou pou w ka ranpli yon aplikasyon: www.browardschools.com/Page/46271

Pou plis enfòmasyon konsènan Pwogram VPK Distri a, tanpri kontakte depatman Head Start/Early Intervention Department nan nimewo telefòn 754-321-1954. Èske ou gen kesyon osijè elijibilite oswa sètifika? Kontakte Early Learning Coalition of Broward, nan nimewo telefòn 954-377-2188.

Ou bezwen konnen kote lekòl zòn ou ye? Vizite sit <https://www.browardschools.com> ak rechèch "Jwenn lekòl mwen." an"

